# Тақыятас районы ҳәкими тайынланды

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2020-жылдың 16-июнь сәнесиндеги арнаўлы бийлиги тийкарында Маткаримов Илхом Исмаилович – Тақыятас районы ҳәкими лаўазымына тайынланды.**

Image not found or type unknown

**Маткаримов Илхом Исмаилович** – өз мийнет жолы даўамында салық системасында түрли жууўапкершиликли орынларда және Беруний районы ҳәкиминиң биринши орынбасары лаўазымларында жумыс алып барды

Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекетлик басқарыў академиясының тыңлаўшысы Маткаримов Илхом Исмаилович сондай-ақ, 2018-2020-жылларда Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасының Қарақалпақстан Республикасы Мойнақ районын раўажландырыўда нызамшылықтың орынланыўы үстинен қадағалаў басқармасы прокуроры, Өзбекстан Республикасы Экономика ҳәм санаат министрлиги басқарма баслығының орынбасары, Қарақалпақстан Республикасы Экономика ҳәм санаат министри ҳәм усы күнге шекем Қарақалпақстан Республикасы Экономикалық раўажландырыў ҳәм кәмбағаллықты қысқартыў министриниң биринши орынбасары лаўазымында жумыс ислеп келди.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети